



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO TE METE DISPONIB PLIS PASE 153 MILYON DOLA POU RANN ABÒDAB PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO LOKAL YO**

***Finansman ak sibvansyon ki pa koute chè diminye chay kontribyab yo pou amelyorasyon enfrastruktir dlo esansyèl yo atravè Eta Nouyòk***

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a plis pase 153 milyon dola yo te mete disponib pou ede plis pase de douzèn kominote atravè Eta Nouyòk avanse ak pwojè enpòtan nan enfrastruktir dlo ak egou yo. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman (Environmental Facilities Corporation) la apwouve finansman ak pri ba ansanm ak sibvansyon eta ak federal pou ede gouvènman lokal yo fè amelyorasyon enpòtan — tankou retire nouvo kontaminan nan dlo pou bwè — san yo pa pase gwo depans sa yo bay kontribyab yo. Envestisman sa yo pwoteje sante piblik ak anviwònman an, diminye risk pou lavni, epi sipòte travay ki peye byen.

"Bon kominote yo kòmanse ak bon enfrastruktir," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dlo pwòp se yon dwa fondamantal pou moun, se poutèt sa nou bay priyorite nan envestisman ki asire dlo ki an sekirite ak abòdab pou Nouyòk yo pandan n ap pwoteje kontribyab lokal yo. Sibvansyon sible sa yo ak finansman ak pri ba pral bay kominote yo mwayen pou pwoteje sante piblik ak anviwònman nou pandan y ap bati yon lavni ki pi solid pou jenerasyon k ap vini yo."

Konsèy EFC a te apwouve sibvansyon ak finansman federal pou gouvènman lokal yo nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund) – yon melanj dola federal ak eta ki dedye ak finanse pwojè enfrastruktir dlo kominotè ak egou yo. Finansman ki soti nan Lwa Federal sou Envestisman nan Enfrastruktir ak Djòb kontinye sipòte Fon Renouvlab Eta yo epi akselere pwogrè nan kad pwojè esansyèl dlo pwòp ak dlo pou bwè yo.

Fon Woulman Eta a se prensipal mwayen finansye Nouyòk pou fè pwogrese objektif li genyen pou dlo pwòp, ki bay plis pase 1 milya dola chak ane pou kominote yo nan tout eta a pou konstwi enfrastruktir dlo pwòp. Fon Woulman Eta yo ka pèmèt kominote yo ekonomize jiska 75 pousan nan peman enterè yo parapò ak lè yo prete sou mache obligasyon minisipal la. Ranbousman prensipal ak enterè yo bay EFC yon revni regilye

pou li ka ofri finansman pou lòt kominote pou reyabilite, ranplase ak modènize enfrastrikti ki fin vye nan Eta a.

Fon Woulman Eta a finance totalman nesesè pou Nouyòk ka prepare pou reponn a bezwen pèmanan kominote yo genyen pou repara, reyabilite, ak modènize enfrastrikti ki fin vye yo alavni. Aksè a finansman abòdab ogmante investisman nan enfrastrikti dlo a, sa ki ka anpeche echèk grav ak ki koute chè nan sistèm yo, epi diminye presyon sou sèvis piblik yo pou ogmante tarif yo, konsa y ap soulaje anpil fanmi ki deja gen difikilte pou peye fakti dlo yo.

Konsèy la te apwouve tou sibvansyon Eta yo te deja bay yo ki soti nan pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement). Apwobasyon Konsèy EFC a se yon etap enpòtan nan pwosesis finansman an epi l ap pèmèt kominote yo gen aksè ak fon sa yo epi kòmanse konstriksyon. Eksplwate finansman federal ak investisman eta a, maksimize enpak chak dola ki depanse, sa ki ankouraje kominote lokal yo pou pote amelyorasyon enpòtan nan sistèm yo bezwen kenbe rezidan yo an sekirite epi asire depans pa yon obstak pou reyalizasyon pwojè yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Apwobasyon Konsèy sa yo asire ke okenn kominote pa rete dèyè lè sa gen pou wè ak dlo pwòp. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, EFC kontinye fè pwojè yo abòdab, bay solisyon finansye dirab ki pwoteje sante piblik epi kenbe sèvis dlo a aksesib pou chak Nouyòkè."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare,** "Envesti nan enfrastrikti dlo ak egou pou asire tout kominote gen aksè a dlo pwòp se yon priyorite prensipal pou Gouvènè Hochul ak DEC. Soti nan Brooklyn pase nan Brookhaven rive Buffalo, minisipalite yo bezwen resous pou devlope, amelyore, ak aplike pwojè abòdab pou retire kontaminan ak amelyore egou ki fin vye, epi Fon Woulman Dlo Pwòp ak Dlo pou Bwè Eta yo ede bouche twou nan finansman ki pèmèt kominote atravè tout eta a reponn ak satisfè bezwen enfrastrikti esansyèl yo."

**Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Anons jodi a se yon temwayaj sou angajman Gouvènè Hochul pou asire dlo pou bwè ki an sekirite ak abòdab pou tout Nouyòkè yo. Biwo Pwoteksyon Rezèv Dlo nan Depatman Sante a ap kontinye travay avèk patnè eta ak lokal nou yo pou pwoteje sante piblik epi ede fasilite pwojè enfrastrikti esansyèl sa yo depi nan premye etap konsepsyon jiska lè yo louvri tiyo a."

**Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare,** "Eta Nouyòk kontinye ap yon lidè lè sa gen pou wè ak investisman nan enfrastrikti dlo pwòp pou konstwi pwojè ki esansyèl pou sante piblik, kalite lavi, devlopman ekonomik ak dirabilite anviwònman an. Investisman 153 milyon dola sa a pral pwoteje dlo pou bwè, ranfòse rezistans, konbat chanjman klimatik epi kreye travay vèt pou jenerasyon k ap vini yo."

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Tout moun merite gen aksè nan dlo potab ki pwòp. Gwo investisman federal sa yo ap asire ke fanmi yo ki soti nan Ellicott rive nan Port Washington gen dlo potab ki sekirize epi pou dlo navigab nou yo rete pwòp, tout sa pandan n ap kreye nouvo travay ki byen peye, travay, travay. Mwen fyè pou livrezon plizyè milyon finansman federal epi m ap goumen pou prezève finansman pou modènize dlo potab ak sistèm idwolik-egou yo nan bidjè k ap vini an. Mwen fyè pou patenarya Gouvènè Hochul nan konba pou transfòmasyon enfrastruktir idwolik ansyen eta nou an pou kenbe kominote nou yo an sekirite epi an sante."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Nouyòk yo merite dlo ki an sekirite ak pwòp ki pa gen yon pri egzajere. Finansman ak pri ba ak sibvansyon sibler tankou sa yo pa sèlman pral ede moun k ap peye fakti lokal yo ekonomize lajan, men tou pral ede kominote yo modènize enfrastruktir ki fin vye epi pwoteje sante piblik. Mwen toujou te yon defansè fèm nan envesti nan enfrastruktir ki benefisye Nouyòk yo, epi mwen pral kontinye travay pou pote finansman lakay ki pote amelyorasyon esansyèl kominote nou yo bezwen."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Dlo pou bwè ki pwòp ak an sekirite se pa yon privilèj pou kèk rich sèlman — se yon dwa fondamantal pou chak Ameriken. Se poutèt sa mwen te goumen pandan tout karyè mwen pou asire investisman solid nan kalite dlo ak enfrastruktir dlo isit la nan Rejyon Kapital la ak atravè nasyon nou an. Anons jodi a se yon lòt egzanp Lwa Bipatit sou Enfrastruktir nou an ki pote benefis pou katye nou yo, bay avantaj dirab pou pwoteksyon anviwònman ak sante piblik isit la nan Nouyòk ak pi lwen toujou. Nan lavni, mwen pral kontinye travay pou asire chak kominote gen aksè ak resous yo bezwen pou garanti dlo ki an sekirite ak abòdab pou tout moun."

**Manm Kongrè John W. Mannion te deklare,** "Envesti epi kenbe enfrastruktir solid se sa bon gouvènman ofri pou pèp la, se poutèt sa garanti lajan sa yo te yon gwo priorite pou mwen nan Sena Eta Nouyòk ak nan Kongrè a. 5 milyon dola sa yo pou Rezèwa Glenmore Dam nan Vil Oneida se yon gwo viktwa pou rejyon nou an, li pwoteje sante piblik ak anviwònman an, ranfòse rezèv dlo nou an, epi fè kontribiyab yo ekonomize lajan pandan plizyè ane k ap vini yo. Mwen pral kontinye lite pou pote resous ak patenarya eta ak federal kominote nou yo bezwen pou yo pwospere. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak angajman li paske li pote rezilta pou Nouyòk Santral ak Mohawk Valley."

**Senatè Eta a, Harckham, te deklare,** "Aksè a dlo pwòp se yon dwa fondamantal pou moun, epi asire ke li aksesib se yon responsablite fondamantal gouvènman an. Investisman 153 milyon dola sa a se yon angajman entèlijan ak vizyonè pou kominote nou yo ki pral amelyore sante piblik, ranfòse sistèm sanitasyon, kreye travay ki byen peye, epi ankouraje kwasans ekonomik. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, EFC, ak kolèg mwen yo nan lejislati a paske yo mete finansman pou pwèn esansyèl sa a kòm yon priorite."

**Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare,** "Finansman sa a bay asistans ki nesè pou anpil pou kominote k ap fè fas ak difikilte nan zafè dlo. Lè yo konbine resous eta ak

federal, finansman sa a pral ede gouvènman lokal yo ranplase enfrastrikti ki fin vye, trete kontaminan ki danjere, epi asire rezidan yo gen dlo ki an sekirite ak fyab. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li nan pwoteje Nouyòkè yo ak sipòte envestisman minisipalite nou yo bezwen avèk ijans."

Yo te apwouve finansman pou pwojè yo nan rejyon sa yo:

### Rejyon Kapital

- Vilaj Poestenkill - 4 milyon dola nan sibvansyon pou devlopman Distri Dlo Nimewo 2.

### Nouyòk Santral

- **Vil Oneida** - 5 milyon dola nan sibvansyon pou amelyorasyon nan sit Rezèvwà Glenmore Dam la.

### Finger Lakes

- **Vil Castile** - 2.7 milyon dola pou ranplase apeprè 6,386 mè (20,940 pye) lineyè tiyo dlo, valv, bouch ensandi ak lòt ekipman pou Distri Dlo Gardeau a ak pou zòn sèvis ki deyò limit aktyèl distri dlo a.
- **Vilaj Geneseo** - 2.7 milyon dola nan sibvansyon ak yon pake finansman san enterè pou konstriksyon amelyorasyon nan sistèm koleksyon egou sanitè a.
- **Konte Monroe** - 2.4 milyon dola nan sibvansyon pou konstriksyon amelyorasyon klarifikatè segondè nan Enstalasyon Rekiperasyon Resous Dlo Frank E. Van Lare nan Konte Monroe, ansanm ak konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan Estasyon Ponp Genesee Valley ak Tiyo Fòs la.

### Long Island

- **Vilaj Hempstead** - 7.8 milyon dola nan sibvansyon pou konstriksyon yon sistèm tretman ak pwosesis oksidasyon avanse ak kabòn aktive granilè pou retire 1,4-dioxane ak konpoze òganik volatil nan Pi Nimewo 5 ak 11 nan Distri Dlo East Meadow.
- **Vilaj Mineola** - 5 milyon dola nan sibvansyon pou enstalasyon de sistèm tretman ak adsòpsyon kabòn aktive granilè ak ekipman ki asosye nan Pi Nimewo 6 pou trete polisyon PFOA ak PFOS.
- **Distri Dlo Port Washington** - Sibvansyon 5 milyon dola pou konstriksyon yon sistèm tretman kabòn aktif granilè pou retire PFOA ak PFOS nan Pi Nimewo 1 ak 2 Sandy Hollow yo.
- **Vilaj Riverhead** - 1.3 milyon dola nan sibvansyon pou enstalasyon kabòn aktive granular pou retire PFAS nan Plant Nimewo 5.

## Mid-Hudson

- **Vil East Fishkill** - 5 milyon dola nan sibvansyon pou enstalasyon yon sistèm tretman echanj iyon nan Distri Dlo Hopewell Hamlet pou retire PFAS, konstriksyon yon nouvo pi nan zòn pi Beekman, ak enstalasyon entèkoneksyon atravè vil la pou konekte plizyè distri dlo.
- **Vil Newburgh** - 1 milyon dola nan sibvansyon pou konstriksyon amelyorasyon sikilasyon ak enfiltrasyon nan sistèm egou gravite Meadow Hill la. Se Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt 2022 (Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act of 2022) ki te bay finansman sa a.

## Mohawk Valley

- **Vilaj St. Johnsville** - sibvansyon 13.7 milyon dola ak pake finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize.

## North Country

- **Vilaj Brownville** - 19.5 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman pou enstalasyon yon rezèvwa dlo apeprè 500,000 galon, demolisyon rezèvwa dlo ki fin vye a, ranplase apeprè 8,534 mè (28,000 pye) lineyè tiyo dlo ki fin vye ak ekipman ki asosye, epi enstalasyon kondwi varyatè frekans pou Pi Nimewo 1, 2, ak 3.
- **Vil Dannemora** - 5.9 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman pou konstriksyon amelyorasyon nan izin tretman dlo ize nan Izin Tretman Dlo Ize Lyon Mountain lan.
- **Vil Hounsfield** - 1.1 milyon dola nan finansman pou konstriksyon tiyo fòs Distri Egou Nimewo 1 Route 12F la.
- **Vilaj Lake Placid** – 12.5 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman san enterè pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan izin tretman dlo ize a.
- **Vilaj Rouses Point** - 8 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman pou konstriksyon yon nouvo izin filtraj dlo ak manbràn ki gen kapasite 1 milyon galon pa jou, ansanm ak konstriksyon yon nouvo estasyon ponp dlo pou ponpe dlo brit nan nouvo izin tretman dlo a.
- **Vilaj Turin** - 7 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman san enterè pou ranplasman/enstalasyon apeprè 5,243 mè (17,200 pye) lineyè tiyo dlo ak ekipman ki asosye, pwolongasyon dlo piblik pou sèvi 20 rezidans ki egziste deja, ranplasman kontè dlo, demolisyon rezèvwa dlo elve ki egziste a, enstalasyon yon nouvo rezèvwa dlo, amelyorasyon nan izin tretman dlo a, ak devlopman kapasite sous adisyonèl.

## Southern Tier

- **Vilaj Endicott** - 286,725 dola nan sibvansyon pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan sistèm egou sanitè a.

## Rejyon Lwès Nouyòk

- **Vilaj Akron** - 6.5 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman san enterè pou amelyorasyon nan rezèwva dlo ki egziste sou Crittenden Road la.
- **Vilaj Cassadaga** - 9.5 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman pou devlopman yon nouvo pi anba tè oswa enstalasyon tretman pou rezoud nivo metàn ak fè ki wo nan Pi Nimewo 5 ki egziste a, ke yo te retire an sèvis akòz pwoblèm kalite dlo.
- **Vil Ellicott** - 10 milyon dola nan sibvansyon ak pake finansman san enterè pou pwolongasyon sèvis dlo piblik nan zòn Fluvanna, ki gen ladan apeprè 34,000 pye lineyè tiyo dlo, valv, bouch ensandi, ak kontè sèvis yo.
- **Vil Westfield** - sibvansyon 555,600 dola pou kreyasyon Distri Dlo Nimewo 2 Route 5 Eta Nouyòk la, ki gen ladan enstalasyon apeprè 23,000 pye lineyè konduit dlo, estasyon ki ranfòse klò, bouch ensandi, valv, ak kontè.

## Pwojè ref finansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo

Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refinance finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo. Baze sou kondisyon aktyèl mache a, yo prevwa finansman alontèm san enterè sa yo ap fè kontribyab lokal yo ekonomize anviwon 25.9 milyon dola nan pèman enterè sou dire lavi finansman yo.

Konsèy la te apwouve finansman alontèm pou pwojè ke kominote nan zòn **Finger Lakes** yo ap fè:

- **Vilaj Newark** - 430,423 dola nan finansman a pri ki ba pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize.
- **Vilaj Perry** - 6.5 milyon dola nan finansman alontèm san enterè pou konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan izin tretman dlo ize.
- **Vilaj Waterloo** - 9.2 milyon dola nan finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon nan izin tretman dlo pou bwè a, ki enkli yon agrandisman bilding pou sipòte enstalasyon filt presyon orizontal ak filt kabòn aktive granilè ak lòt amelyorasyon divès, demolisyon rezèwva dlo ki fin vye ki egziste a, enstalasyon yon nouvo rezèwva dlo ak ekipman ki asosye, epi enstalasyon de nouvo entèkoneksyon ant sistèm dlo Vilaj la ak Vil Seneca Falls.

## Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo

Eta Nouyòk kontinye ogmante investisman nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo. Gouvènè Hochul dènyèman anonse plis pase 20 milyon dola nan sibvansyon atravè [Sibvansyon Inovasyon Vèt ak Planifikasyon Teknik Enfrastrikti Dlo Ize EFC a](#). Pwochen faz Sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo EFC ak Enfrastrikti Dlo Entèminisipal la ouvè kounye a nan [www.efc.ny.gov](http://www.efc.ny.gov). Faz sa a montre lidèchip kontinyèl Nouyòk nan investi nan solisyon abòdab ak kominotè pou dlo pwòp.

Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan bidjè ane fiskal 2026 yo adopte ke Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk deja investi yon total 6 milya dola nan enfrastrikti dlo depi 2017. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak pwojè enfrastrikti dlo li yo pou [kontakte EFC](#). Nouyòkè yo ka swiv pwojè k ap benefisye investisman EFC yo lè yo itilize [tablodò entèaktif sou enpak pwojè a](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)